



Yon zak kriminèl rayisman se yon zak kriminèl ki chita nèt oswa ki baze anpil sou prejije kont sèten karakteristik pèsonèl. Selon Iwa Leta New York, dwe genyen yon zak kriminèl debaz pou yo kapab klase yon ensidan nan kategori zak krimimèl rayisman. Sa vle di otorite yo dwe detèmine toudabò si genyen yon zak kriminèl yo te komèt. Si yo detèmine zak kriminèl la te baze sou prejije, alòs yo gen dwa ajoute akizasyon zak kriminèl rayisman sou akizasyon orijinal la.

Pèn ranfòse sa yo egziste paske byenke nenpòt zak kriminèl genyen yon enpak negatif sou viktim lan, krim rayisab yo yomenm genyen enpak sou viktim yo nan yon nivo emosyonèl ki pi pwofon epi enpak la pi laj—li kreye laperèz ak twoub nan kominote a pou moun ki genyen menm karakteristik avèk viktim lan. Genyen plizyè kalite zak kriminèl sou-jasan ki, lè yo mete yo ansanm avèk yon entansyon prejije, yo kapab konsidere yo tankou zak kriminèl rayisman, ladan yo, agresyon fizik, menas vèbal, vòl ak kanbriyolaj epi dega materyèl tankou grafiti.

Lalwa New York prevwa tou defason byen presi ke nenpòt moun ki mete yon kwagame (swastika) oswa nekoulan—de (2) ekspresyon istorik ki reprezante rayisman—avèk entansyon pou tizonnen, nwi, menase oswa fè pè, moun sa a yo kapab pote akizasyon tou kont li pou pèsekisyon agrave.

Kisa yon zak kriminèl rayisman ye?

Egzanp krim rayisman

- ✓ Yon pasaje nan yon tren di, “I hate gays,” (Mwen rayi masisi) epi menase pou li bat yon koup menm sèks k ap kenbe men.
- ✓ Yon gwoup adolesan desine avèk penti ayewosòl yon kwagame (swastika) sou yon bilding oswa pann yon nekoulan nan yon pyebwa.
- ✓ Yon pasan krache nan figi yon moun epi rele byen fò, “You Asians are spreading the Coronavirus!” (Nou menm bann Azyatik yo, n ap simaye Kowonaviris la!)

Ki gwooup lalwa sou krim rayisman New York la rekònèt?

Lalwa Leta New York konsidere idantite ki annapre yo lè pou detèmine si se prejije ou non ki te motive yon krim:

- | | | |
|--------------------------------|---------------------------------|------------------------------------|
| • Ras oswa koulè | • Asandans oswa orijin nasyonal | • Idantite oswa ekspresyon seksyèl |
| • Relijyon oswa pratik relijye | • Sèks | • Andikap |
| | • Oryantasyon seksyèl | • Laj |

E si pa genyen yon krim debaz?

Yon moun kapab toujou viktim akòz prejije ak rayisman menm si pa genyen yon krim debaz. Yon ensidan prejije se lè yon moun tizonnen oswa fè diskriminasyon kont ou akòz idantite ou, men ensidan an pa genyen ladan yon atak fizik, yon menas atak oswa dega materyèl.

Yo pran ensidan prejije yo oserye kòm egzanp diskriminasyon, men yo pa nesesèman krim. Dispozisyon legal libète lapawòl nan Konstitisyon an gen dwa pwoteje kèk ensidan prejije. Gen kèk lòt ki gen dwa mennen sanksyon civil nan Vil New York selon Iwa sou Dwa Imen Vil New York, ke Komisyon sou Dwa Delòm nan Vil New York (NYC Commission on Human Rights) la jere.

Egzanp ensidan prejije

- ✓ Yon moun kontre avèk yon Latino nan lari epi rele, byen fò “I hate Mexicans,” (Mwen rayi Meksiken) epi l di tou, “Go back to your own country!” (Tounen nan peyi ou!)
- ✓ Yon gwoup tinedjè rele yon tinedjè Nwa mo ensiltan an ki kòmanse ann Anglè ak yon “N” (joure mechan yo konn rele Afriken-Ameriken yo).
- ✓ Yon pwopriyetè restoran di yon kliyan ki genyen yon tiban, “Muslims are not welcome here” (Mizilman pa byenvini isit la).

Kisa mwen ta dwe fè...

...si mwen jwenn grafiti ki genyen ladan pawòl rayisman oswa senbòl rayisman, tankou yon kwagame (swastika)?

Grafiti se yon krim nan New York epi yo konsidere grafiti ki genyen ladan pawòl rayisman oswa senbòl rayisman kòm yon krim rayisman. Kwagame (swastika) ak nekoulan se senbòl rayisman ki plis komen yo.

Si ou jwenn grafiti ki genyen ladan pawòl rayisman oswa senbòl rayisman, rele 911 epi di "hate crime" (krim rayisman). L ap ede tou si wpran yon foto grafiti a pou pataje avèk lapolis.

...si mwen jwenn estikè oswa feyè k ap fè pwomosyon yon gwoup sipremasis blan sou yon lanpadè?

Menmsi Premye Amandman (First Amendment) lan pwoteje estikè, feyè ak postè epi yo pa konsidere yo kòm zak kriminèl rayisman, li enpòtan pou rapòte mesaj prejije oswa rayisman yo.

Si feyè yo genyen ladan yo sèten imaj tankou yon kwagame (swastika) oswa yon nekoulan, sa gen dwa ogmante akizasyon kont moun ki distribye materyèl yo epi ou dwe rapòte materyèl sa yo bay komisarya lokal ou a.

...si yon moun menase mwen fizikman pandan l ap fè remak prejije?

Yo kapab konsidere yon menas fizik, menm si pa genyen kontak, kòm yon zak kriminèl. Depi moun nan mete yon menas fizik ladan ansanm avèk langaj prejije, yo kapab klase sa nan kategori zak kriminèl rayisman.

Si yon moun rele byen fò, "I'm going to punch your Asian face," (Mwen pral bay figi Azyatik ou a yon bél koutpwen) anvan li atake fizikman viktim lan, sa kapab konsidere tankou yon zak kriminèl rayisman epi ou dwe rapòte ensidan an bay lapolis, pou sa rele 911 oswa ale nan komisarya lokal ou a.

...si yon moun tizonnen mwen vèbalman sou idantite mwen, men li pa menase oswa manyen mwen?

Si yon moun tizonnen ou akòz ras, orijin nasyonal, reliyon, sèks, oryantasyon seksyèl oswa idantite seksyèl, andikap, oswa nenpòt lòt kategori pwoteje, yo kapab konsidere sa kòm pèsekisyon akòz diskriminasyon epi ou dwe rele 311 epi di "human rights" (dwa delòm) oswa rapòte ensidan prejije a bay Komisyon sou Dwa Delòm nan Vil New York (NYC Commission on Human Rights, CCHR)

Si ou pa sèten si pèsekisyon an te akòz diskriminasyon oswa si li te baze sou idantite ou, ou kapab toujou rele oswa voye yon imèl bay CCHR epi yo pral ede ou konprann dwa ou epi y ap asiste ou nan soumèt yon plent.

...si mwen pa sèten sa mwen viv la se yon zak kriminèl rayisman oswa yon ensidan prejije?

Si yon moun fè ou mal fizikman oswa menase pou fè ou mal, ou dwe rele 911. Men ou dwe santi ou lib pou rele swa 311, swa 911, oswa toude si ou pa sèten kiyès pou rele.

Kit ou rele 311 oswa 911, yo pral transfere plent ou a nan bon kote a. Li pi enpòtan pou rapòte ensidan an pase pou ou enkyete sou ki nimewo pou rele.

KISA KI TE PASE?

ENSIDAN PREJIE

ZAK KRIMINÈL RAYISMAN

KISA MWEN TA DWE FÈ?

RELE 311 EPI DI "HUMAN RIGHTS" OSWA RANPLI YON RAPÒ DISKRIMINASYON SOU SIT ENTÈNÈT CCHR LA

RELE 911 EPI DI "HATE CRIME" OSWA RELE KOMISARYA POLIS LOKAL OU A

KISA KI PRAL RIVE APRE?

YO PRAL METE OU AN KONTAK AVÈK EKIP CCHR KI KAPAB ANKETE SOU KA A OSAWA EDE OU SOUMÈT YON PLENT

YO PRAL METE OU AN KONTAK AVÈK YON OPERATÈ KI PRAL MANDE DETAY EPI KI PRAL DETÈMINE SI YO DWE VOYE LAPOLIS POU MENNEN ENVESTIGASYON. ASISTANS NAN LANG DISPONIB EPI YO PA PRAL POZE KESYON SOU SITIYASYON IMIGRASYON.